Нобэ Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№235 (21.643) ● 2009 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Урысей Федерацэм и Конституцэр къэралым и закон нэхъыщхьэщ. Ар УФ-м и щІыналъэ псом щытепщэ политикэ-хабзэ актщ. Конституцэм ипкъ иткІэ, цІыхубэм жылагъуэмрэ къэралымрэ я къызэгъэпэщыкІэ нэхъыщхьэхэр ягъэуващ, къэрал властым и субъектхэмрэ а властым и лэжьэкІэмрэ яубзыхуащ, цІыхум, гражданиным и хуитыныгъэу, щхьэхуитыныгъэу къэралым ихъумэхэр щІагъэбыдащ, дэтхэнэ зыми и къалэнхэр яубзыхуащ.

Урысей Федерацэм и Конституцэр 1993 гъэм дыгъэгъаазэм и 12-м къащтащ «Урысей Федерацэм и Конституцэм и проектым теухуауэ цІыхубэм Іэ егъэІэтыным и ІуэхукІэ» 1993 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указ №1633-м тету къэралым ис псомиІэ зэралэтам кърикІуахэм япкъ иткІэ.

Конституцэр Преамбулэрэ разделу гІурэ мэхъу. Абы демократиемрэ цІыхугъэмрэ я хабзэхэр щІегъэбыдэ, иджырей дунейм Урысейм щиІыгъ увыпІэр егъэбелджылы, Урысей Федерацэр федеративнэ къэралу зэрыщытыр кьегъэлъагъуэ.

Ди Конституцэр дунейм щынэхъыфІхэм ящыщу къаІытэ. Ар зэхалъхьащ ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ псоми яхуэгъэза декларацэу ООН-м кІыщтам икІи дунейпсо хабзэ мардэхэм я лъабжьэу зыбжым сыт и лъэныкъуэкІи езэгъэшу, уеблэмэ а Декларацэм щыщ Іыхьэ щхьэхуэ зэрыщыту УФ-м и Конституцэм хагъэуващ.

Литовченкэ Т. В. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм, и ІэщІагъэм зэрыхуэІэзэм икІи банк ІэнатІэм зегъэужьыныкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым кьыхэкІыу «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Литовченкэ Татьянэ Василий и ихьум** - Урысей Федерацэм и Акционер коммерческэ ХьумапІэ банкым (акционер обществэ зэІухам) и кьудамэм - Къэбэрдей-Балькъэр Іуэхущапіэ №8631-м и унафэщІым и кьуэдзэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъаазэм и 8-м
№196-УП

Зэхьэзэхуэшхуэм щІедзэ

Зэпеуэр къызэІуех Чеченов Ануар.

Дыгъуасэ «Налшык» спорт комплексым къыщызэІуахащ тхэквондомкІэ Іуащхьэмахуэ и Кубокыр къэхьыным теухуа III дунейпсо зэпеуэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и спорт махуэшхуэм кьрихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ, Тхэквондомкіэ федерацэм и унафэщІ Чеченов Ануар, республикэм и спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн, УФ-м Тхэквондомкіэ и федерацэм и президент Терехов Анатолий, Тхэквондомкіэ Дунейпсо федерацэм и унафэщІ Чеченов Ануар, республикэм и спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн, УФ-м Тхэквондомкіэ и федерацэм и президент Терехов Анатолий, Тхэквондомкіэ Дунейпсо федерацэм и унафэщІ Чеченов Хо Чу, нэгъуэщІхэри.

- Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, Парламентымрэ Правительствэмрэ кьабгъэдэкІыу си гуапэу фыкьызогъэблагъэ ди республикэм мы махуэхэм щекІуэкІ дунейпсо зэхьэзэхуэм, - жиІащ зэпеуэм кьекІуэлІахэм псалъэ гуапэкІэ защыхуигъаазэм Чеченов Ануар. - Іуащхьэмахуэ и Кубокым щІэбэныну Налшык къыщызэхуэащ къэрал 12-м я спортсменхэмрэ УФ-м и командэ 19-рэ, псори зэгъэсэу турнирым хэтыныхэр тхэквондоист 325-рэ мэхъу. Иджырей зэхьэзэхуэр ди республикэм зэрыщекІуэкІыр ди дежкІэ пщІэшхуэщ. Абы и фІыгъэкІэ иджыри зэІэмал кьыттхуькъуэкІащ Кавказ Ищхьэрэр, къащтэмэ Къэбэрдей-Балькъэрыр, зауэ-банэ щекІуэкІ щыпІэу зэрыщымытыр, атІэ хьэщІэхэм ахуэгуапэ УФ-м и щІыналъэ дахэу къызэрекІуэкІыр кьэдгъэпъэгъуэну.

- Мы махуэхэм Налшык щекІуэкІ турнирыр икъуэкІ хьэпъэмэту щытыну хузощІафащэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, мыбы къекІуэлІащ а спорт лІэужьыгъуэмкІэ спортсмен нэхъ лъэрыгъехьэхэр щагъэхьэзыр къэралхэр, - жиІащ Терехов Анатолий. - ФІыщІэ хэха хуэсщІыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, зэхьэзэхуэр кьыхэзгъэпэщыныкІэ щІэгъэкъуэн хуэда псомиІ.

Тхэквондомкіэ Дунейпсо федерацэм и президент Куэк Хо Чу спортсменхэмрэ абыхэм кьадэщІыну кьекІуэлІахэмрэ зэпеуэм зэрыщІидзэмкІэ ехьэхуэхуащ. АдэкІэ тхэквондом Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщыжьым хэпъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІым кьыхэкІыу Корее Ипщэм кьикІа гупхэм кьабгъэдэкІыу Кьанокъуэ Арсен, Чеченов Ануар, АфІэунэ Аслъэн сымэ фІыщІэ тхьалъэмрэ саугъэтхэмрэ кьыхуагъэфэщащ.

ГъуфІэгъуэ зэлуІэр зэхуащІыжащ уэрджьІакІуэхэу Хьэжырокъуэ СультІан, Ракитинэ Иринэ, -Нал цІыкІукъэфакІуэ ансамблым. Псом хуэмыдэу кьекІуэлІахэм гукъинэж ящыхъуащ Корее Ипщэм кьикІа гупхэм ящыщ зым тхэквондом епха и зыкъэгъэльэгъуэныгъэр.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Іуащхьэмахуэ и Кубок

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЩІалэгъуалэр афияным евмыгъэтхьэкъу

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Уэрэм щригъэкІуэкІащ наркотикхэм япэщІэтынымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и комиссиэм и зэІущІэ. Абы щытепсэльыхьащ щІыхь зиІэ ныкъуэм, хабзэм кьемызэгъыу наркотикхэмрэ акъылыр зэІыдзыгъэкъэ щхьэхуэхэмрэ щыгъэблагъэкІ кьэныкъуэхуным я лъэныкъуэкІэ мунищІалъэм щІынальхэм наркотикхэм япэщІэтынымкІэ кьыщызэрагъэпэща комиссиэхэм зэфІагъэкІхэм.

ЗэІущІэмкІэ ЗэІущІэ щыхэплъащ сабийхэр афияным емыгъэтхьэкъуным хуэгъэзауэ школхэм егъэбыдылІа инспекторхэм, наркологиемкІэ жылагъэ постхэм, балигъ мыхьуахэм я Іуэхуэмкіэ инспекторхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным.

Зытепсэльыхьа Іуэхуэм ятеухуауэ зыхуэфащэ унафэхэр кьащтащ.

КОНАКОВХьэсэн.

● Дыгъуасэ

ЩІы Іуэхум топсэлъыхь

Ди республикэм щыщ куэд зыгъэпІейтей щІы Іуэхум дыгъэгъаазэм и 11-м щытепсэлъыхьащ Къэрал киноконцерт пэщым (ГКЗ).

КъБР-м и Администрацэм и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Къуэшрокъуэ Залым** ЩІы кадастрымкІэ федеральнэ ІуэхущІапІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм и унафэщІ **Лыджыдэ Хьэбдуэсэлам,** Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий** сымэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэм, щІыху кьызэрыгуэкІхэм яІуащІащ. Зэхуэсыр иригъэкІуэкІащ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Зэзыгъэуіу советым хэт **Щыхьмырзэ Анзор.**

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ иужьрей зэманым щІы Іуэхуэхэм ехьэлІауэ ди республикэм кьыщыхъуа зэгурымыІуэныгъэхэм, дыгъэгъаазэм и 5-м щыІэну зытрауауа пэкІур щІызыхэмытам щхьэусыгъуэ хуэхъуахэм, 131-нэ Федеральнэ законым, нэгъуэщІ куэдми. Къызэуэсахэр зэгурыІуащ щІалэгъуалэм я республикэпсо форум ирагъэкІуэкІыну.

КЪАРЭМЫКЪУЭ Залым.

Тэрч районым и прокурору ягъэзэр

● Къулыкъу

Урысейм и генеральнэ прокурорым 2009 гъэм дыгъэгъаазэм и 12-м къыдигъэкІа унафэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Тэрч районым и прокурору ягъэзэр щыгъэсу и чэнджэщэгъу нэхъыщІэ гъукІэ Артур Къэрэзэ ІИл и къуэр.

ГъУКІЭ Артур КъБР-м щыщ Бахьсэн районым хыхьэ Куба къуажэм 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м кьыщалъхуащ. 2000 гъэм абы Саратов дэт къэрал академиемрэ Прокуратурэмкіэ и институтыр къыухащ. 2000 гъэм и щыщхьэІу мазэ лъандэрэ прокуратурэм и органхэм щолажьэ Тэрч районым и прокуратурэм и следователь, следователь нэхъыжьэу, мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхуэхэмкіэ следователу, Налшык къалэм и прокуратурэм и прокурору-криминалисту, МВД-мрэ юстициэмрэ я органхэм ирагъэкІуэкІ процессуальнэ лэжьыгъэм кІэлъыплъыныныкІэ къудамэм и прокурор нэхъыжьэу, прокуратурэм и органхэм щІэпхъаджагъэхэр зэрыщІэхагъэкІыным кІэлъыплъыныныкІэ къудамэм и прокурору, прокурор нэхъыжьэу. 2007 гъэм и дыгъэгъаазэ мазэ лъандэрэ прокуратурэм и органхэм щІэпхъаджагъэхэр зэрыщІэхагъэкІыным кІэлъыплъыныныкІэ къудамэм и унафэщІу щытащ.

Унагъэущ, къуэ иІэщ.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан,
КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэм и пэжьакІуэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Лъэпкъ Іуэху ● Хэхэс адыгэхэр ● Пшыхь

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Гъуэзджэ ■ Щбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Къулыкъучым Ипщэ дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и ешэджакІуэ Пэхущ Залинэ анэдэтхъубзэ езыгъэдэкъэ и ещанэ урысейпсо зэпеуэу Москва къалэм щекІуэкІам «Методикэ жыджэрагъымрэ Іэзагъымрэ» унэтІныныгъэм щытекІуащ.

Урысейм и хэгъуэгу 19-м кьэнкІа егъэджакІуэхэр зыхэта зэхьэзэхуэм «Си лъахэ, си школ, си ІэнатІэ» зыфІаща презентацэм псом нэхъыр нэхъ Іэзэу зыкъыщызыгъэтхъубзэ ешэджэкъэ и ещанэ зыфІэщыпсо зэпеуэу Москва къалэм щекІуэкІам «Методикэ жыджэрагъымрэ Іэзагъымрэ» унэтІныныгъэм щытекІуащ.

Урысейм и хэгъуэгу 19-м кьэнкІа егъэджакІуэхэр зыхэта зэхьэзэхуэм «Си лъахэ, си школ, си ІэнатІэ» зыфІаща презентацэм псом нэхъыр нэхъ Іэзэу зыкъыщызыгъэтхъубзэ егъэзыджхэм я ешэджэ зыфІэщыпсо зэпеуэу Москва къалэм щекІуэкІам «Методикэ жыджэрагъымрэ Іэзагъымрэ» унэтІныныгъэм щытекІуащ. КъыщыкъэмыщІауэ, къызэхуэса псомиІ ягу ирихьащ ХьэщІыкІу Мадинэ идауэ абы щыгъа адыгэ фащэ дахэр.

● Дифі догъэтьапІэ

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.



Ди индексыр 51531

Мы махуэхэм

Дыгъэгъаазэм и 12, *щэбэт*

♦Кение Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - 1963 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦ Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ

♦ ИлЪэс 65-рэ и пэкІэ СССР-мрэ Никарагуа Республикэмрэ дипломат зэхущытыкІэхэр яІэ хъуащ.

♦Абхъазым президент щыхах.

♦ 1993 гъэм КъБР-м и Парламентыр Палатитl хъуу хахащ.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 30-м, кьухьэжьнущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 29-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 59-рэ.

Дыгъэгъаазэм и 13, *тхьэмахуэ*

♦ Мальтэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщ - ар республикэ щыхьуа махуэщ.

♦ИлЪэсищ и пэкІэ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем кьыщтащ зи узынщагъэм кьимытІасэхэм я хуитыныгъэм теуауа Конвенцэр.

♦ Москва ЛДПР политикэ партым и XXII съездыр щекІуэкІынущ.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 31-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 29-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 59-рэ.

Дыгъэгъаазэм и 14, *блыщІэ*

♦Чернобыль кьыщихьуа авариер зыгъэзэкІуэжахэр Украинэм щагъэльапІэ махуэщ.

♦Дыгъэгъаазэм и 14 - 17-кэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и пленарнэ сессие.

♦1695 гъэм пащтыхь Петр I кьыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Алий (Михаил) Алигуокъуэ и кьуэм Урысейм и генералиссимус цІэр кьыфІащащ.

♦1911 гъэм Норвегием и Іэхутакіуэ **Амундсен Реальд** япэу Ипщэ полюсым нэсащ.

♦Академик **Сахаров Андрей** и фэеплъ махуэщ.

♦Мазъчкьалэ кьалэр щауха махуэщ.

♦Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 32-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 58-рэ.

Иллюстр зыгъэхьэзырыр **ГъУЩІО Зарифи.**

Саргодха и гъэрхэр

США-м и цІыхуитху Пакистаным щаубыдащ.

Ахэр иужь итащ Афганистаным Пакистанымрэ я кьэрал гьунапкьэхэм щызэуэ экстремист гупхэм зыпащІэу абыхэм яхьыхьэну.

Саргодха кьалэм США-м щыщхэр зэрыщаубыдам и хьыбар полицэм кьитат дыгъэгъаазэм и 9-м. Иджащ нэІуэ щыхьуар ахэр илъэс 19 - 25-м иту цІыхуи 5 зэрыхьур. Америкэм и цІыхуу щыхьэт тхьылъхэр яІыгъ щхьэкІэ, ахэр кьыщалъхуари щапІари нэгъуэщІ кьэралхэщ - Пакистаным, Эфиопием, Египетым щыщхэщ.

Саргодха и полицэм и унафэщІым зэрыжиІэмкІэ, а тхум япэ щыкІэ Интернетымкіэ экстремистхэм зыпащІащ. ИтІанэ, абыхэм я Іэтащхьэм зуэхэн папщІэ, Пакистаным и ипщэ щІынальэмкІэ щыІэ Карачи кьалэм кІуащ.

Мамырыгъэм хуейкъым

- Израилым зауэкІэ иубыда Джолан льагапІэхэмрэ Къуэкьупіэ Иерусалимымрэ я зауэлІэр яришьыжьым ехьэлІауэ референдум иримыгъэкІуэжьыу щІыхь зиІэ и Къэрал киноконцерт пэщым (ГКЗ).

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, Сирием и щІыналъэу щыта Джолан льагапІэхэр Израилым иубыдащ 1967 гъэм. Ар Израилым и щІыналъэм щыщ Іыхьэу 1981 гъэм кьиІэуващ.

Гугъу ирагъэхь

КНДР-м кьэрал щыІэ Іуэхуэмкіэ и министерствэм кьыгъэртымкІэ, Кореер хьэзырщ и ядернэ Іуэхуэхэм теухуауэ кьэралхэм кьаІэт зэпсэльэныгъэхэм пищэжьыну.

Гъбж лъандэрэ Пхеньян щызэпсальэ США-мрэ Корее Ищхьэрэмрэ я лЫкІуэхэр.

Корее Ищхьэрэм и ядернэ Іуэхуэхэмкіэ зэпсальэхэм хэтщ Китайр, Урысейр, США-р, Япониер, Корее Республикэр, Корее Ищхьэрэр. Илъэс и пэкІэ Іуэхур кьэувыІат, 2008 гъэм накъыгъэм и 25-м КНДР-м ирагъэкІуэкІа ядернэ гъэунэхуныгъэхэр щхьэусыгъэуз яхуэхьури.

ООН-м Шынагъуэншагъэмкіэ и Советым мэкъуэуэгъуэм и 12-м кьыщтащ Корее Ищхьэрэр гугъу езыгъэхь санкцэхэр. Уеблэмэ, а санкцэхэм хуит яІэ абы и кьухьхьэр дэнэ щІыпІи кьыщащыну. ИтІани, мы гъэм и бадзэуэгъуэм КНДР-м иджыри ядернэ ракетэ зыбжанэ иутІыпщащ.

Тэрч районым и прокурору ягъэзэр

Урысейм и генеральнэ прокурорым 2009 гъэм дыгъэгъаазэм и 12-м къыдигъэкІа унафэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Тэрч районым и прокурору ягъэзэр щыгъэсу и чэнджэщэгъу нэхъыщІэ гъукІэ Артур Къэрэзэ ІИл и къуэр.

ГъУКІЭ Артур КъБР-м щыщ Бахьсэн районым хыхьэ Куба къуажэм 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м кьыщалъхуащ. 2000 гъэм абы Саратов дэт къэрал академиемрэ Прокуратурэмкіэ и институтыр къыухащ. 2000 гъэм и щыщхьэІу мазэ лъандэрэ прокуратурэм и органхэм щолажьэ Тэрч районым и прокуратурэм и следователь, следователь нэхъыжьэу, мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхуэхэмкіэ следователу, Налшык къалэм и прокуратурэм и прокурору-криминалисту, МВД-мрэ юстициэмрэ я органхэм ирагъэкІуэкІ процессуальнэ лэжьыгъэм кІэлъыплъныныкІэ къудамэм и прокурор нэхъыжьэу, прокуратурэм и органхэм щІэпхъаджагъэхэр зэрыщІэхагъэкІыным кІэлъыплъныныкІэ къудамэм и прокурору, прокурор нэхъыжьэу. 2007 гъэм и дыгъэгъаазэ мазэ лъандэрэ прокуратурэм и органхэм щІэпхъаджагъэхэр зэрыщІэхагъэкІыным кІэлъыплъныныкІэ къудамэм и унафэщІу щытащ.

Унагъэущ, къуэ иІэщ.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан,
КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэм и пэжьакІуэ.

Выжь и махуэпщІэ выжь и уасэщ.

Зыхуэфащэр зэхагъэкІ

АБХЪАЗ ***Урысей Федерацэм и лЫкІуэу Абхъазым щыІэ Григорьев Семен журналистхэм яжриІащ мыгувэу республикэм щекІуэкІыну президент хэхьыныгъэхэм хэт кандидатхэм ящыщ зыгуэрми УФ-р и телъхьэу зэрыщымытыр.***

-АБХЪАЗЫМ и президент хэхьыныгъэхэр кьыхэзэрыпахьэжьэрэ Урысей Федерацэм мызэ-мытІэу жиІащ аз зыми и телъхьэу кьызэрымыувынур. Ди дежкІэ нэхъыщхьэр зэпІэзэрыту, хабзэхэм тету ар екІуэкІыныкІ. Зэрытлъагъумкіи абы щхьэкІэ Іэмал псори щыІэщ. Хэхьныгъэхэм дунейм псом щыкІэлъыплъынущ, ар зэрекІуэкІым куэд елытащ. Щэч кьытетхьэрэкъым, республикэм и щІыхэм Абхъазым и президент кьулыкъур зыхуэфащэр езыхэм кьызэрыхахынум, - жиІащ Григорьев Семен.

Сабий зеиншэ зэзышэлІахэм папщІэ

Сабий зеиншэхэр зэзышэлІауэ зыІэ адэ-анэхэм пэжьапщІэу иратын папщІэ 2010 гъэм республикэ бюджетым ком мелуан 19-м нэблагъэ щыхухахынущ.

ІЭХЪАПЭМ абыхэм я улахуэр 14-нэ разрядым тещІыхьауэ щытамэ, 2010 гъэм щІыщылъэм и 1-м щыщІэдзауэ ар сабий садым щыІэ гъэсакІуэм ейм хуагъэкІуэнущ икІи апхуэдэ щыкІэкІэ зеиншэхэр зэзышэлІауэ зыІэ адэ-анэхэм я улахуэм процент 18-кІэ хэхъуэнущ.

Уасэхэм хохъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***2010 гъэм электрокъарум, газым, псоуІэ-коммунальнэ Іуэхущхьэрэхэм я уасэхэм процент 25 - 27-кІэ республикэм щыхэхъуэнущ.***

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ Тарифхэмрэ уасэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ Псыху Виктор зэрыкІалІамкІэ, псым, газым, хуаБэм, нэгъуэщІ Іуэхутхьэзэхэми я уасэр дэкІуеинущ. Иджыпсту цІыхуэхэм электрокъарум зы киловаттым соми 2,44-рэ щатмэ, етІанэгъэ ар процентэ 9-кІэ нэхъыбэнущ.

Спортым хашэ

2010 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым и сабий спорт еджапІэхэм секциищхьэхуэр кьыщызэІуахынущ зи узынщагъэм нЫкъуэсыгъэ иІэ цІыкІухэм папщІэ.

ПРЕСС-ІУЭХУЩІАПІЭМ къызэриталмкІэ, КъШР-м и президентым и унафэр зыхуэгъэпсар физкультурэмрэ спортымрэ сабий нэхъыбэ дегъэзыжьа зэрыхьэрыщ, узынщагъэшхуэ зимыІэ еджакІуэ цІыкІуэхэр хэту. Апхуэдэхэм тренерхэр щхьэхуэу ядэлэжьэнущ икІи абыхэм я нэІэ дохутырхэм трагъэтынущ. Иджыпсту республикэм спорт еджапІэу 17, футбол, баскетбол клубу 2 иІэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

№235 (21.643) ● 2009 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Хэхэс адыгэхэм я тхыдэ

Шэрджэс шу хахуэхэр

Япэрей дунейпсо зауэм и ужькIэ Уэсмэн (Texpку) империер лъэпэжауэ щытащ. «Щхьэхуит» хъуащ абы и лъэпкъ зыбжанэсыр ЕщIэлъэ Къуэкlыпlэ Гъуэгъуэр - Транснорданнер, Сирнер, Ливанырь. Лъэпкъхэм я Лигэм и унафэкlэ, а хэкуэр зэтес хъуху я Iэмыщlэм Iэщlалъхьауэ щытащ Антантэм хэта къэралхэм. Франджым къыlтысащ Сириер.

***Уэсмэн империем и бжьым къыщIэкIами, Сирием и Iуэхур хэпльэгъуэ я зэманым. Къэрал хабзэ щагъэувым щхьэкlэ, Лъэпкъхэм я Лигэм и унафэри, Франджым Сириер дзэ иришащ. Ар, дауи, яфIэфI хъуакъым тыркухэми Сириер ис лъэпкъхэм ящыщ куэдми: франджыхэм зыкъыпэщlащэ хъуащ. Илъэс зыбжанэкlэ ныкъуэкъуащ ахэр, франджыхэм я Iэмыщlэ зыкърахьи нэрыд ящIри. Ахэр я пlэ ирагъэпIыхьыжьи папщIэ, езыхэм я дзэм пэмыщI, франджыхэм Сирием ис лъэпкъхэм щыщ зэрагъэпэщыжьи хуей хъуащ. Абы щыгъуэщ адыгэ зэкадронхэри къыщIыхьэрагъэпэщар. Ар псом япэрауэ зи фIыщIэр франджы лейтенант Коллещ. Абы и зауэлI Гъуэгуанэмрэ адыгэ эскадронхэм я тхыдэмрэ теухуащ Сапен-Линьер Мишель и «Шэрджэсхэр» тхыгъыр. Ар франджыбзэкlэ 1987 гъэм Парижи щыгъуэзащ. Гъуэгущыоныгъуэ Сарэ зэридзэнlауэ 2008 гъэм Мейкъуапэ урысыбзэкlэ къыщыдэкlащ. Щыгъуазэ фыдощI тхыгъым щыщ пычыгъуэхэм.**

Шуудзэм и ныпым тетщ и адыгэхэр щыгъэкIуа щIыпIэхэр.



Шэрджэс шуудзэм и ныпыр. Адыгэбзэкlэ тетщ: «Япэкlэ, шэрджэсхэ». Адыгэ лъэпкъхэм я вагъуэ зырыз хэщIыхьащ ныпым.

Адыгэ шухэр йобгъэрыкIуэ.

КОЛЛЕ Филибер 1896 гъэм Алжирым къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 18 щрикъум, ар дзэм хыхьащ, лейтенант хъуауэ, Алжирми, Сириеми, Ливанми щекIуэкIа зауэ псоми хэтащ. Сирнеращ Колле адыгэхэм нэIуасэ щахуэхьуар. НэIуасэ яхуэхьуа къудейкъым: и нэкlэ илъэгъуауэ ахэр зэрыIэщакIуэр, зэрышууейр, лIыгъэ зэрахэлъыр - Шэрджэсхэр а псомкIиефIэкIырт адрей лъэпкъхэм. Ар къиlыптэри, лейтенант Колле Адыгэ шуудзэ къыщыIэзригъэпэщащ Сирием, франджыхэм я бийхэм япэщIигъэувэн щхьэкlэ.

Ар щIэдзапIэ хуэхьуащ Колле и унафэм щIэт шэрджэс шу хахуэхэм Сириемрэ абы къедза щIыналъэхэмрэ щIыз зрахьа лIыгъэм и пшынальэ тельыджэм. Ди дзэм сыт щыгъуи къыхэжаныкI эпытащ адыгэхэр, ахэр япэ щимыта къэхъуакъым, лейтенант Колле зы махуи ягъэщIэхьуакъым. Франджыхэм гъуэз яхуэхьуа Шэрджэс полкым хэтащ Сирием щыщ адыгэ офицер хахуэхуэр, абыхэм ящIыщ, псалъэм папщIэ, Уэсмэн-бей (къэбэрдей уэркъ Абейх яхъэхIащ), Тофикъ-бей (Анзорхэ ящыщщ).

Франджыхэм ядэзауэ адыгэ шуудзэхэм куэдкIэ я фIыщIэщ Сирием къэралыгъуэ зэригъуэтар. Лъэпкъхэм я Лигэм франджыхэм ар кьалэн хъащащ. щIауэ щытащ - Сириер зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэн хуейуэ. А къалэнщ франджыхэм щагъэзащIэм яхуэзэфIэкI псори ялэжьащ шэрджэс шу хахуэхэм.

1860 гъэм къыщыщIэдзауэ 1880 гъэ пщIондэ Тыркум Iэпхъуауэ щытащ адыгэ мин 700; я хэкум щрахум, абыхэм сультIан Абдул-Азиз и Iэмыщlэ зральхащ. Тыркухэр, дауи, щыгуфIыкIащ апхуэдиз бгырыс «къаззрыхуэпсыхам» - ахэр империем яратуэщащ, къэралыр ирагъэхьумэн папщIэ; шэрджэсхэм псэупIэ яхуэхьуащ, езы Тыркум нэмыщI, Франкиер, Румелиер, Сириер, Курдистаным и ищхъэрэ щыналъэр.

Сириер псэупIэ зыхуащIа адыгэ мин щэщI Ешрат псымрэ Хьэуранрэ я зэхуакур лъагъэсащ, друзхэмрэ бедуинхэмрэ Iэжьэгъу яхуэхьун щхьэкlэ: Хьэпэб вилайетыр, Хомс, Щам санджакъхэр, Кьунейтlрэ и Iэшэлъашэр. Кьунейтlрэ деж тIыкIэхэм бедуинхэр жагъуэгъуэгъу кьахуэхьуащ, а хъуапIэхэр фIаубыдауэ япытэри,

1918 гъэ пщIондэ шэрджэсхэм кьулыкъу хуащIащ сультIаным (Сириер а зэманым, абыхэм Iэмпериемэ хыхьэу щытащ), абы я къэхIэкIкIэ адыгэхэмрэ бедуинхэмрэ зэщыхьэрей хъуащ. Я пlэ изэгъауэ кафIэщIырти, кьащыж дэтхэнэми и унафэм евэзлIэнут адыгэхэр, зэхэсхуэн яныщIащхьэмрэ. Франджыхэр щэсыпIэ хъунут абыкIэ, аращ шэрджэсхэр франджы офицерым и бэракъым щыщIэуэвар.

Тыркухэм Сириер зыIэщIагъэкIын мурад яIэтэкъым, абыхэм гъуэз яхуэзэфIэкI псори ялэжьащ шэрджэс шу хахуэхэм.

1860 гъэм къыщыщIэдзауэ 1880 гъэ пщIондэ Тыркум Iэпхъуауэ щытащ адыгэ мин 700; я хэкум щрахум, абыхэм сультIан Абдул-Азиз и Iэмыщlэ зральхащ. Тыркухэр, дауи, щыгуфIыкIащ апхуэдиз бгырыс «къаззрыхуэпсыхам» - ахэр империем ираугъэщащ, къэралыр ирагъэхьумэн папщIэ; шэрджэсхэм псэупIэ яхуэхьуащ, езы Тыркум нэмыщI, Франкиер, Румелиер, Сириер, Курдистаным и ищхъэрэ щыналъэр.

Сириер пэупIэ зыхуащIа адыгэ мин щэщI Ешрат псымрэ Хьэуранрэ я зэхуакур лъагъэсащ, друзхэмрэ бедуинхэмрэ Iэжьэгъу яхуэхьун щхьэкlэ: Хьэпэб вилайетыр, Хомс, Щам санджакъхэр, Кьунейтlрэ и Iэшэлъашэр. Кьунейтlрэ деж тIыкIэхэм бедуинхэр жагъуэгъуэгъу кьахуэхьуащ, а хъуапIэхэр фIаубыдауэ япытэри,

1918 гъэ пщIондэ шэрджэсхэм кьулыкъу хуащIащ сультIаным (Сириер а зэманым, абыхэм Iэмпериемэ хыхьэу щытащ), абы я къэхIэкIкIэ адыгэхэмрэ бедуинхэмрэ зэщыхьэрей хъуащ. Я пlэ изэгъауэ кафIэщIырти, кьащыж дэтхэнэми и унафэм евэзлIэнут адыгэхэр, зэхэсхуэн яныщIащхьэмрэ. Франджыхэр щэсыпIэ хъунут абыкIэ, аращ шэрджэсхэр франджы офицерым и бэракъым щыщIэуэвар.

Тыркухэм Сириер зыIэщIагъэкIын мурад яIэтэкъым, абыхэм гъуэз яхуэзэфIэкI псори ялэжьащ шэрджэсхэм щыщ адыгэ офицер хахуэхуэр къэрпыр щагъэзащIэм ящыщ, псалъэм папщIэ, Уэсмэн-бей (къэбэрдей уэркъ Абейх яхъэхIащ), Тофикъ-бей (Анзорхэ ящыщщ).

Франджыхэм ядэзауэ адыгэ шуудзэхэм куэдкIэ я фIыщIэщ Сирием къэралыгъуэ зэригъуэтар. Лъэпкъхэм я Лигэм франджыхэм ар кьалэн хъащащ. щIауэ щытащ - Сириер зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэн хуейуэ. А къалэнщ франджыхэм щагъэзащIэм

Зэми гур мэлъэуджаджэ, Елъагъур гъащIэр зыгъэдыджи

Адыгэ Республикэм и усакIуэ пажэхэм ящыщ Дербэ Тимур 1974 гъэм кьалъхуащ. Абы педагогикэ еджапIэр, Адыгэ къэрал университетыр, Горькэм и цIэр зэрихьу Москва дэт Литературэ институтым и курс нэхъыщхьэхэр ящыгъуагъ. Дербэм и кьалэмыпэм тхыль купщIафIэ зыбжанэ кьыщIэкIащ. Абыхэм кьагъэнэну ащ Тхьам ycакIуэ Iэзагъышхэр зэрыбгъэдэлыр, и тхыгъэхэри, и гупсысэхэри адыгэхэм я псэукIам, я нобэрей гъащIэм, я къэкIуэнур зыхуэдэм зэрепхар.

«Адыгэ мак» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, льэпкъ Iуэхум сыт щIыгупсыс, зи кьалэмыр хуэзыгъэлажьэ Дербэ Тимур усакIуэ нэсщ хужьыпIэну кьызэрилэжьым и тхыгъэхэр я щIыхьэщ.

Дербэ Тимур и тхыгъэхэр

ХьуаскIэ

Емыфагъуэкlыу вагъуэм,
МафIэ хьуаскIэр кьоплъыхыр уэгум.
Щхьэжуитыныгъэ кьилъыхъуэу,
Дэлъэтыкlат ар и жьэгум.
Мэжаджэ плъыфэ зэм мэхъур,
Дыгъэпсу зэм зегъэнру,
Яхопшахьуэкри вагъуэм,
Мэлыдыр, теджылэу нэр.
Абы фIэфIкlыыр хьужьыпу сахуэ,
Хуейщ иджыри Iэджэрэ блэну.
МащIэ-куэдми, кьигъэщIу нэхур,
Уафэгу щIэнщэм хьыринэ щещIэну.
Жьыбгъэм дэнэ ихьами ихьаскIэр,
Дихьэжами сыт хуэдэ кьуакIэ,
Кьилъыхъуэнущ щхьэхуитныгъэр,
Кьэсыхункlэ зэгуэр уэкlигъэр.
Дэлъэтыкlыу мафIэ дэп жьэгум,
Сыт хуэдизкlэ еIами уэгум,
ХущIэкъуащи зищIын пэгъунэгъу,
Уафэм ищIынукъым ар пэщIэщIэгъу.
Пофлъэ ар кьищIыным нэхулъэ,
Хисхьэжынущ пщэдджыжь пшэкIэплъым,
ЕщIэ: пшэплъым хэжlуэдэжьынуми,
Щlым щхьэхуиту ар екlыжьнущ.

Си нэку, си напIэ

Кьэзгъэщlакlэщ ильэс щэщlыр, ильэс щэщlыр,
ГъащIэу сиIэм зэхуэдитlым нэкъ нэхъ мащIэр.
Уахыы жьыжьэм, сымылъагъуми и псыкIэр,
Псыпэр уэру кьыщIэуакlэщ, кьыщIэуакlэщ.
Уэс хэрыфэр гъэхэм сэ кьыщхьэратlагъэ,
Уэс хэрыфэр кьэзгъэщIахэм я дамыгъэщ.
Кьыщцохьэ а уэсыр кьыстесауэ жьыуэ,
Сыхуеякьым зэи сэ апхуэдэ жьауэ.
ГъащIэ гъуэгум сэ кьыщыстъыса льагъэ уэм
Уэсыр Iуву кьыс хутосэ гъуэгугъэльагъуэу.
Зэхэмызи кьытрелъхьэ абы пшагъуэр,
Симыгъэльагъужу уафэ кьащхьуэр...
Дунеишхуэращ си нэкур сэ, си напIэр,
Уафэ щIэнщэрщ сиIэр гъащIэм насыпп плъапIэу.
Си ныбжьэгъуэхэм я нэфI дахэр кьыщыхуарэ,
Си гу Iэлыр ахэм щхьэкIэ зэIухауэ,
Кьэзгъэщlакlэщ ильэс щэщlыр, ильэс щэщlыр,
ГъащIэу сиIэм зэхуэдитlым нэкъ нэхъ мащIэр.
Си жьэрэгъуэхэм схуэзгъэкIуэ нэпсыр
IэокIутри, зыщIедкIыж Щы кьуэпсым.
Тыншт экъым пхъэхэнэр, зэман хьыжьэм
Льэпкъ тыншыгъуэт си адыгэм и псэуапIэр,
А хъуэпсапIэр щытми икьукIэ жьыжьэу,
Жэщ кьэсыху кьыхьыхэрт и пщыхьэпIэм.
Ауэ хуэзфIэкIт экъым зэкъуэувэу,
Бийм пэщIэувэну абрэмывэр.
Зы зищIыжтэм, и Iэштlыму зы лIым,
Бийр шынэнт абы кьытегуплIэну.
Ущымытжэ зы льэпкьыбэу,
Бийр кьыпхуольэ.
Си адыгэр мымащIэт,
Ар мыгъащIэмащIэт.
Льэпкъ щхьэхуэ зэхуэмыдэхэу гуэшами,
Бий яхуэхъур ирыкъуэшри зэдагъуэшырт.
Гупсысэ хьэлъэм
Егъэтхытхыр щIыфэр,
Гу льынтIуэхэр зэдэуэ ягъэ лажьэу.
ЖьыжьапIэу сиплъэм, щхьэгум кьит си уафэм-
Со льагъу, щохуарзэр,
Кьытхуеплъыхьыу бгъжьыр.

Гъатхэ

Гъатхэ я накьыгъэр щlым кьыхокlуэт,
Гъатхэмэ Iэфlыр си кьуажьэм дэтщ.
Кьудамэ лантIэр хуишIуэ дыгъэм,
Гъатхэ жыг хадэр кьыззэщIогъагъэ.
Пшэ хужь Iэрамэр щос уафэ льащIэм,
Акъужь кьыщIэпщэмэ симыгъэпIыщIэ,
Жьыгъэр хуеплъэкlми пщыхьэщхьэ пшэплъым,
И нэр хоплъызэ гъатхэ пшэкIэплъым.

Бжьэ зэщIэпщIахэм яуфэбгъур щlыр,
Тафэри бгъыри ягъэщIэращIэу.
Бзий зэмыдэхъуэр дыгъэм кьыхишу,
Фlыльагъуныгъэр гъатхэм кьоушыр.
Щlымахуэ кlыхьым , ежьэу псэльыхьум,
Пщащэ ешми и гур мэлъэхъуэр.

Псэхэхым ищIэркъым хьэтыр

Уащхъуэдэмыщхьэу, дауэ хьуам
ДымышIэу кьэсыркъым ухыгъэр,
КьыщыщIэдзауэ сабиингъуэм
Гъуэгу гъусэщ ар, кьэсыхукIэ жьыгъэр.
Махуэл димыхьыу зыкьуегъащIэ,
УIэщIэкlыфыркъым Псэхэхым.
Кьэхъуакъым зиIэ гъэ мин гъащIэ,
Ар зымыщIэж яхэткъым цIыхухэм.
Тхуиубзыхуащи Тхьэм уахьтыр,
Псэхэхым ищIэркъым хьэтыр.
Ар кьагурыIуэ пэтми, цIыхухэм
Зэхахкъым и льэ макъ Псэхэхым.
Ар кьоджэр, кьоплъэр махуэ кьэскIэ,
Кьещакlуэу цIыхум и псэ хьуаскIэм.
ИтIани ахэр имыльагъуу
ЗещI цIыхум, гъащIэр фIэщIэщыгъ уэу.

ГъащIэ

Сыкьыщигъэщlамрэ си ухыгъэмрэ
Я зэхуакум кьыдилъхьэ гъащIэ мащIэм
Гупсысэ Iэджэ си щхьэм кьыщегъэщIыр:
Фlыльагъуныгъи, гуапэныгъи,
Ныбжьэгъу пэжи, жагъуэгъу ижи,
Лlыгъэ щIапIи, кьэрабгъапIи,
Нэхъыжьыфl и чэнджэщ Iущи,
АкъылыпIщIи и уэз гъущи,
Цlыху жумарт и псапэ щIэкIи,
Цlыху нэпсей нэхъуей икlыкIи,
А гъащIэ тIэкIум куэд кьотIасэ.
КьитIасэ псоми сращIасэщ...
Сыкьауэхъуреихьри, сахоэзрыхьыр
Мы дунеишхуэм и дахагъ Iэджэм.
Абыхэм псэр фlыщ зыхураджэр,
Зэмм гур мэлъэуджаджэ,
Елъагъур гъащIэр зыгъэдыджи.
Щхьэхуитныгъэ льапIэу сызыщIэхъуэпсри,
Хьыбарыжь куэд, кьысхуэкIуэжхэри псысэу...
Си гум кьедзакъэ, си псэм зыхищIэу,
СакIэлъыIэбэу сIэщIэкIри мащIэкъым.
Сэри, зэгуэрым уахьтыр кьэсынурэ,
Сянэ итахэм сащIыхьэжьнущ.
Ахэм я унэм сыщIыхьэжьнущ,
Си ужь кьинэнух эм сащымIгупщэу,
Сыкьагъэкlыжмэ, я гум зэгуэр,
Сыпсэ уагъэнкъым зым сыщымыщу,
ПщIэнщэу лэжьакъым итIанэ гур.
Щlым сытетыхукIэ схуэмылэжьахэр,
Мураду сащIауэ зэфlэмыкIаехэр,
Налэжьыысынущ сызищIэсахэм,
Нагъэсэужьынущ си ныбжьэгъуэхэм.
Абыхэм я гум сыкъинэм фlыкIэ,
Я фlэщ пхуэщIынукъым сыщымыIэжкIэу.
Щlым кьыхэкIар хьихьэжьнущ щlым.
Ар сощIэр сэ, сфlэфlщ фэри фщIэм...
Сыхъуми пэжыжьэ си ныбжьэгъу пэжхэм,
Си гъунэгъуфIхэм, сигу кьина цIыхухэм -
Зыщ кьэзгъэщIахэр зыхуэкIуэжьынур -
Дунейм сыкьокIэ, кьыхсхуэжаIэнурщ:
Ар псэуагъэхэхи, мыпсэуагъэхэхи,
Тlури зэхуэдэщ дунейм и дежкIэ
Дигу кьынэфхыми екlи фlыкIи.
Е кьысхужаIэм абыхэм мыпхуэдэу -
Ди гум кьеуащ дэ а щIалэр быдэу,
Хъунщ псэуагъэнкIэ хуэщIауэ,
Е кьулейсыжу - тlури зыщ ар, тlури зыщ.
Дэ ди зэхуэдэщ,
Дауэ щытами, псэуащ ар
ЛIы хуэдэу.



Хьуэпсапlэ

Си адыгэм фэбжьу ильэсгуэр мымащIэ,
Ахэр гуауэу ноби щIэлъщ сигу льащIэм,
Толькьын уэру кьрагъакlуэ нэпсыр
Iэокlутри, зыщIедкIыж Щы кьуэпсым.
Тыншт экъым пхъэхэнэр, зэман хьыжьэм
Льэпкъ тыншыгъуэт си адыгэм и псэуапIэр,
А хъуэпсапIэр щытми икьукIэ жьыжьэу,
Жэщ кьэсыху кьыхьыхэрт и пщыхьэпIэм.
Ауэ хуэзфIэкIт экъым зэкъуэувэу,
Бийм пэщIэувэну абрэмывэр.
Зы зищIыжтэм, и Iэштlыму зы лIым,
Бийр шынэнт абы кьытегуплIэну.
Ущымытжэ зы льэпкьыбэу,
Бийр кьыпхуольэ.
Си адыгэр мымащIэт,
Ар мыгъащIэмащIэт.
Льэпкъ щхьэхуэ зэхуэмыдэхэу гуэшами,
Бий яхуэхъур ирыкъуэшри зэдагъуэшырт.
Гупсысэ хьэлъэм
Егъэтхытхыр щIыфэр,
Гу льынтIуэхэр зэдэуэ ягъэ лажьэу.
ЖьыжьапIэу сиплъэм, щхьэгум кьит си уафэм-
Со льагъу, щохуарзэр,
Кьытхуеплъыхьыу бгъжьыр.

ЛъэпкъыМ и лIыхъужь ЩэрэлIокъуэ Къазбэч

Поэмэ

1

Гъэн щIын щхьэрымыхьыу и уэс пIыэр,
Мывэ кьэрэгъулу щытщ Фишт бгъжьыр,
ПщIыхь хьарпшэрщи зэман темыпIэр,
ЛIэщIыгъуэхэм кьахоплъыкlыжьыр и лъэужьыр.
Кьырыщхьэ папцIэу хэхьыкlыр пшэм
Зэщlегъэльдэ дыщэ тажу дыгъэм,
Кьызэхиплъыхьыурэ, кьеплъыхьыу щIым,
МыпIащIэурэ, уафэгум щос кьурышIбгъэр.
Мыбдежьым щыдахащэти мы щIыгур,
Тхьэ тIысыпIэут ар кьаэрэщIыхьыр,
Иджы ежьужьым зэщIещтэжри гъуэгур,
Цlыхуншэ гъуэгум уепльмэ, уохьу щхьэжагъуэ.

2

Кьоух шуудзэр у афэм щыблэу,
Уэс укхъуэу т еэзрыхьу бийм,
Я бжьигъэкIэ зэрыхьэр щиблми,
Я зэрыхьыкlэкIэ гъуэжькуийщ.
ЗэщIэIулIащ я нэгуэр жыру,
ЩагъафIэ я гум хуитныгъэр,
Я дзэпщIыр уардэу тесщи хуарэм,
Асльэным ирагъэщIхь и лIыгъэр.
Хьэзырщ зауэлIкlэр, щхьэлъанджэу,
Щlатыну я Хэку льапIэм гъащIэр,
Я льэпкъыр кьытемыхуэу ныджэм,
Щхьэ хуиту, пагэу псэун папщIэ.
Кьыкьуэгушхукlыу и куэдагъым,
ЩоувыIэр бийр Iэбын и деж.
Бийдзэу мин щыкlутку нэблагъэм,
Мыбдеж нэ вагъуэр щалъагъуж.
Зау эр зэщIэплъэрт дакьэжь мафIэу,
КьахуищIу нашэ кьарууфIэр.
Хуэхьакъым бийм кьытегуплIаэр,
Щlопхьэжьыр ар кьемыплъэкlыхьэу...
Кьыхокlри гупым зы лIыхъужь,
Мэпхъэрыр, ихуу бий льэужь.
Аращ, Къазбэчщ ар, ЩэрэлIокъуэрщ,
КIэлыплхъэрыфыр бийм и закъуэу,
Iыхьлыгъэм нэхърэ нэхъ льапIэ гупсэ
Дунейм тетынкIи хьун зэгуэр? -
Упшэжьыфынущ адэжь льапсэм,
Жьэгужьым хуигъэпабгъэу гур.
Къазбэч и адэу ЩэрэлIокъуэхэ Дыгъужь
Езыр кьэзылъхужаг Емщlыгъущ.
Сыт щIыгъун ахэр Къазбэч щlыгъущ,
Ухуу нэхъыжьхэм я лъэужь.
ГфIэщIыну кьэхъужэ ныбжьыщIэ,
Къазбэч зыкьредзыхьыр шым.
Мазэгъуэр тажьым къодэхащIэ,
Мазэгъуэм кьегъэнэхур щlыр.
Къазбэч и Iэщэм тольэщIыхьыр,
Зэрихьумэнур арщ и щIыхьыр.

3

НэкI кьуажьэм дэт унэ щIыбышэм
ЩIымахуэ жьыбгъэр йонькъуэкъур.
Гущэкъу у эрэдыр кьыхуриту,
Анэ гумащIэр щхьэщыкlщ и кьуэм.
Дыгъужь игъэпщкlукъым гурыфIыгъуэр,
ЩIалэ бэлыхь кьиуэащ унагъуэм.
Насып Алыхьым щимыгъащIэу,
Кьрехьу узынщэу и щIалэщIэр,
Адэгумыпс кьожэхри бгыщхьэм,
Ныбжьыщlэм тафэм кьыщыIоущIэ,
Езым кьильхуа и быным ещхьу,
Псы кьабзэм щIалэр ныхетхьэщIэ.
Мылылъэ кьырхэм я зэхуакум
Кьуршыпсым псыпэр щызэхешэ,
Кьыхуожэ ар адыгэ Хэку,
Псы псэхэльхьэжу абы кьишэр
Къазбэч ареф анэ быдзышэу.
Нэмысыр ищIэу, т егу хабзэм,
Ар ткIийуэ игъэсащ и адэм.
Фиштыбги хигъэтащ жьы кьабзэм,
Кьыхищыкlащ пелуан, лIы быдэ.
Дзэзешэ Iэзэу, кьэмыланджэу,
Шу пашэт ар, асльэну гъуэхуэу,
Ещхьыжти ишри, емылыджу
Бийм яхэльадэрт, щlыгур итхуэу.
ЗекIуэлI цIэрыIуэ Бёлл щIэмычэу
ЖиIефырт и хьыбар Къазбэчым.
Дыщэу пэлыду дыгъэм тажьр,
Хуарэ шууей зауэлI зэщIыжьыр,
Асльэным хуэдэу зэрыхъыжьар
Уэрэдкlэ цIыхухэм яIуэтэжыр.

4

Си льэпкъ дахэу, си льэпкъ пагэу, льэпкъ щэджащэ,
LIым я лIыжу кьыпхэкIаэр лIыхъужь дапщэ,
Я псэм хэлъым хамыхьну льахэр, льэпкъыр,
Уи хабзэ нэхъыфIхэм я щэджыпкlыу?
АтIэмм кьыхсхуэмащIэ мыщIэщlыр,
Ди щlы кIапэр щlытIэщIэкlыр мащIэ-мащIэу,
Щlынальэр зыгъэбжьыфIэу, зыгъэг ушхуэу
Щlытахэр щхьэ тракъуфьа мы дунеишхуэм?
Хьэзырми ахэр нобэ кьэкlуэжьыну,
Адыгэ льэпкъыр кьагъэбжьыфIэжьыну,
Кьахусыжьыфкlыж зэкIэ льэр ди дей,
АтIэмм, гъуэгур х эдмыгъэкlуэдэж.
Къэсынщ зэман, адыгэ уэгум
Зэгуэр кьыщепсыжьынщ ди дыгъэр,
Адыгэхэм адыгэ жьэгум
Щагъэблэжьнщ я адыгагъэр.
Гъэн щIын щхьэрымыхьыу и уэс пIыэр,
Мывэ кьэрэгъулу щытщ Фишт бгъжьыр,
ПщIыхь хьарпшэрщи, зэман темыпIэм
ПIэщIыгъуэхэм кьахоплъыкlыжьыр и лъэужьыр.
Кьырыщхьэ папцIэу хэхьыкlыр пшэм
Зэщlегъэльдэ дыщэ тажу дыгъэм,
Кьызэхиплъыхьурэ, кьеплъыхьыу щIым,
МыпIащIэурэ, уафэгум щос кьурышIбгъэр.
Мыбдежьым щыдахащэти мы щIыгур,
Тхьэ тIысыпIэут ар кьаэрэщIыхьыр,
Иджы ежьужьым зэщIещтэжри гъуэгур,
Цlыхуншэ гъуэгум уепльмэ, уохьу щхьэжагъуэ.

● Гъуаздж э

Спектаклым щоджэгу Кэхумахуэ ФатIимэрэ Хьэмырзэ Ахьмэдрэ.

«Нагъуэ и унагъуэр» утыкушхуэ йохьэ

Адыгэ-абхаз театрхэм я II фестивалыр иджыблагъэ Мейкьуапэ щекIуэкIащ. Адыгэ Республикэм и Льэпкъ театрым зыкьыщагъэльэгъуэну зэхуэсат Абхъазым. Кьэбардей-Балъкъэрым. Къэрэшей-Щэрджэсым. Краснодар щыпащльэм. Ныкум щыщ ар тистхэр. Ди республикэм икIауэ зэкуэсым хэтар Щоджэнщlыкlу Алий и цIэр зезыхъэ Къэбардей драмэ театрыращ.

ЗЭХЫХЬЭМ мыхьэнэшхуэ зэрыратым, абы я фIэщу зэрыбгъэдыхьам щыхьэт токъуэ театрхэм я лэжьэкIэр кьапщытэну кьрагъэблэгъахэм я цIэхэр: Урысейм и театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм (СТД) льэпкъ театрхэмкIэ и кабинетым и унафэщI, театр критик Корчак Маринэ, Москва дэт Сатирэм и театрым литературэмкIэ и лэжьакIуэ, театр критик Карповэ Нинэ, Театр гъуэзджэмкIэ Урысей академием и профессор Никольский Алексей сымэ. Фестивалым фIащар Брехт Бертольд и пьесэ цIэрыIуэм и фIэщыгъэцIэм тохуэ: «Наш Кавказский меловой круг». Ар нэхъыбэу зытеухуэр цIыхухэм зэрэльагъуныгъэмрэ дунеим щыгъепщэ къару льэщу зэрыщытрамэ, льэпкъ театрхэм ягъэлъэгъуэхэри абы поджэж. Къэбардей-къэрал театрыр утыку зэрихьа «Нагъуэ и унагъуэ» спектаклри зытепсэлъыхьыр аращ.

Къаныкъуэ Заринэ и пьесэ «Нагъуэ и унагъуэр» зыгъэувар режиссер Кьубатий Мухьэмэдщ.

Спектаклыр критикхэм ягу дыхьащ, абы щытепсэлъыхьым, кьыхэгъэщащ ар зытеухуар иджырей зэманым зэрыпэджжыр. Никольский Алексей жиIащ: «Нагъуэ и унагъуэм» кьыщыIэта Iуэхум хуэдэ Кавказым щыIэу дэ ди гуфIэкъым, мыбы нэхъыжьым пщIэрэ гулъытэрэ зэрыщыхуащIым десати. Театрым ар утыкум кьыщирихьакIэ, езы льэпкъыр зыгъэгупсысэу зыгъэгъуэзавэщ. ЩIалэгъуалэр епльрэ абы дерс кьыхахмэ, куэд и уасэщ. Щыхутъэм, напIэм теухуа гупсысэ зыщIэлъ спектаклкIэ фестивалыр зэрыдублар нэщIэнэ дахэщ».

Критик цIэрыIуэм кьыхигъэщащ актерхэм я джэгукIэрэ: «Зэманым декIуу мэджэгу. Пхъум и ролыр зыгъэзащIэр (КIэхумахуэ ФатIимэ) гукъинэжщ, зэщIэкъуащ. Псоми йофIэкI я дэлъху нэхъыжьыр (Хьэмырзэ Ахьмэд). Фlым и телъхьэ абы и лIыхъужьыр йофагъуэкI бзаджэ зылэжьу хэтхэм. Апхуэдэ щыпIагъур зэзэмызэхэщ».

Къэбардей театрым и лэжьыгъэр мейкьуапэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ ягу зэрыдыхьам, ар нэгъэсауэ кьызэралъытам и щыхьэтщ критик цIэрыIуэхэм жаIамрэ спектакль нэужьым акIерхэм хуаIэта Iэгуау инымрэ.

ШЭДУ Ларисэ.

● Пшыхь

Тубей Артур ягъэгушхуэ

Усакlуэ, уэрэдус Тубей Артур Ботэшей кьуажэм пшыхь щыхурагъэкIащ. ЗэфыщIэм зыкьрагъэхьэлIащ абы и ныбжьэгъуэхэм, и лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъуэхэм, уэрэджьыкlыуэхэм.

ТУБЕЙР кьызыхэла льэпкъым зэпрыгушхуэм, и адыгэбзэр зэрыкьулейм, нэмыс, цIыхугъэ зэрыхэлъым, и уэрэдхэр цIыхухэм ягу зэрынэсым, нэгъуэщI куэдми я гугъу ящащ зэIущIэм хэта Нэхущ Чэрим, Бэрэгъун Марьянэ, Хьэгуарэ Ксение, Къэрэкъей Людмилэ сымэ.

Артур и псальэхэр зыщIэлъ «Щэрджэс», «Адыгэ пшын», «Iислъэмей», «Къэбардей цIыкIу» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ягу щIрихыр тегъэчыныхьауэ пхужьыIэнкъым, ауэ ахэр псэ кьабзэм кьыззрыбгъэдэкIыр зыхьыкlыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Нэхъапэх эм Тубейр спортым дихьэхыу щытащ. Уеблэмэ «Шагъдий» топджэгу гупым хэту тIэунейрэ КъБР-м и чемпион хьуащ. КьыщынэмыщIауэ, я кьуажэм дэт курыт еджапIэм Артур ильэс зыбжанэкIэ егъэджакIуэ Iэнатlэм щыпэрытащ. Абы щыгъэщ уэрэдым щIилъхьэн усэ япэу щитхари. Ди жагъуэ зэрыхъунщ, Тубейм и кьар у ильыгъуэу узым иубыдащи, пшыни еуэжьфкъым, тхэнри Iэщlыб ищIащ. Ауэ ар мэгугъэ и узыншагъэр зэтеувжьыну, и уэрэдыщIэхэмкIи дигъэгуфIэну Артур ди гу гапэу дохьу эхьу и гупсапIэхэр щIэх дыдэ нахуапIэ щэхъуну.

КIЭМПIАРЭ Галинэ.

● КъБР-м и ГИБДД-м

ФIыкIэ щогугъ

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м зыуэ щыт а Iэнатlэщ Iэ нэIэ тригъэтынущ КъБР-м и федеральнэ гъуэгуэзу километр 367-рэ республикэм и кьалащхьэмрэ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэм и щхьэусыгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм зыщыщхьэ Гуэгу насыпыншагъэхэмрэ абыхэм я лей зытеухьэхэмрэ я бжыгъэр гъэмэщIэным хуэунэтIауэ КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм къыпэщылъ къалэнхэр гъэзэщIэнырщ.

ДПС-м и апхуэдэ Iэнатlэм и лэжьыгъэм сэбэн кьызэрыкIуэр нэхъапэмэи игъэлъэгъуауэ щытащ. Лэжьакlуэхэр зы гупу зэхэгъэхьэным Iэмал кьет Iэнатlэхэм я унафэщIхэр ягъэзмэщIэну.

ДПС-м и полк яубзыхуным Iэнатlэм и лажьыгъэр иригъэфIэкIуэнущ, гъуэгум шынагъуэншагъэр кьыщыззгъэпэщын папщIэ гъуэгурыкIуэхэм хабзэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыным, гъуэгу насыпыншагъэхэр кьыщыхъункIэ нэхъ шынагъуэ щIыпIэхэм ДПС-м и инспекторхэм нэхъ зэгъэуIуаэ ирагъэбыдылIэфыныщ.

Щытыкlэм елъытауэ, апхуэдэ Iэнатlэм и лэжьакlуэхэм я кьарур дапэкIэ нэхъ кьызэгъэпэща хьунущ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Жыlэгъуэжэр

Щхьэ зыфlэтым жьэр йокlу

♦Гумрэ жьэмрэ щхьэм щагъэпщкlу щэху льагъуэ щыкlу зэхуаlэщ.
♦Гумызагъэр гупсысэ-гурыщlэкlэ кьулейщ.
♦Гупсысэр екъэмэ, куу мэхьу.
♦Дунейр зэтес ищlыну хуежьэм и щхьэр зэтекlащ.
♦Жэн зытемыха щхьэр къэбщ.
♦Зэфlэщтыхьамкlэ пщтырыгъэр нэхъ Iенжщ.
♦Зи акьылым икlар мыхъумэ, зи псэм епщыжар щlагъуэу кьыхагъэщыркъым.
♦Зи щхьэ дзыхь тезымыщlэжыр дзыхьщlыгъуэджэщ.
♦Мыхъумыщlагъэ гуэр гум кьэкlмэ, щхьэм и уасэр доуей.
♦Пажыр гум щlыхьэнымэ, шыlэ зыхэгъэлъ, ауз щхьэм еуэщщ жыпlэу зумыльэфыхь.
♦Псальэр хущхъуэ хьунымэ, гум ежалъркъым - щхьэм йоуэ.
♦Псэр - кlэнщ, зыхьэхум ейщ, ямыхьэхумэ, кьыпlэщlэнащ.
♦Уаэрэщыгъуагъэр нэхъыфlу е нэхъ икlэу кьыщlидзмэ, зэхэщlыкlкlэ ухельафэ.
♦Щхьэ зыфlэтым жьэр йокlу.
♦Гупсысэгъуэм псальэм зэlещlэ, псэльэгъуэм гупсысэжьр къогубжьыж.
♦Зэ екьэгъуэкlэ емыкlуитl-щы зытезыгъэкlыну ещхьм аргуэру зы къехь.
♦Зэ къэзыгъэзжар я фlэщ мыхъужмэ, егъэзэжри къэгъэзэж имыlэу и гъуэгужь тоувж.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Иджы нэчыхьытхкlэ дыззджэр

● Хабзэ

Ялэрауэ, нэчыхьытхыу щlалэм и унагъуэм ягьакlуэм и бжыгъэр куэдкlэ нэхьыбэ хъуащ. Кьимыдзкlэ, уасэ-зыхым я щхьэгъэрыту щытар нэчыхьытххэм я дежкlэ ябгекlуэкlыжащ. Кьыкlэуцуэраши, уасэ-lыхьым балигъ фlэкlа ямыгъакlуэу щытамэ, нэчыхьытхым илъэсибл-пщы хуэдизэ ныбжь зиlэ нысащlэм и дэлъхь ныжlуэхэр здашэ. Мы-гъэхьэм и лъэныкъуэм зыкъраегъэлаlэу, зыкъытрафыщlэжу ахэр къахуэпэн е, иджыпсту зэращlым хуэдэу жыпlэмэ, ахъшэ кьратын хуейщ.

Нэчыхьытхым хэтахэр - диным кьигъэув кьалэнхэр зыгъэзащlэ ефэндыри, абы нэчыхь тхыпщlэ зэрыратри, уэчылхэри, щыхьэтхэри - щалэм и унагъуэм щекlуэкlгуфlэгъуэ зэхьыхьэм кьlэпсхъуащ. Абыи и закъуэкьым. Иджы нэчыхьыр ятхауэ, абы и ужькlи фы дыдэу щысыжауэ, хьэщlэхэм я нэхъыкьыр гъуэгъэр ялlэ у, хэгъэрейлэм ящыщи щыгъуу малъхъэ яхуэхьуа щалэм и адэ-анэм я бжэ эригъэщыхэм щхьэусыгъуэхэр ещlри макlуэ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, абыи Iэнэ щхьэхуэ кьыщащтэ.

Апхуэдэу лъэпкьым я нэхъыжьхьэм, нысэ кьэзыша адэ-анэм я lыхьэ фащри нэчыхьытх Iэнэм щхьэхуэу тепщэчыщхуэнкlэ ирагъэхь фадэ абдж зытхух, шыгъупlастэ, джэд укlа, нэхь зызыгъэщlагъуэхэм гуэгуш тральхьэ. Мы хабзэр, пэж дыдэу, пасэрей нэчыхьытхым хэтащ. Ауэ зыгъэщlагъуэ лъэпкъ щымыlэу. Хьыджобэм я дежкlэ нэчыхьыр щатха нэужь, абы хэтахэр тlэкlу ирихьlурыкlущ, емыдзакъэу щlэжыжмэ, адыгъэкьым, жаlэрти джэд Iэва е гуэг уш хущlахьэрт. Джэдмэ, абы хэшрышищ щlагъурт, гуэгушмэ хьэрыши бжыгъэр хым нагъэсщрт.

Нэчыхьытхым кьрихьэлlа хьэщlэхэр Iэнащхьитl-щыуэ зягъэтlысмэ, аэрэ псори зэрызэхуагъэдэным х ущlэкlуэхэрт. А Iэнэхэми ерыскъы лlэужьыгъуэ псори яхьырт, ау ащхьщlэ зыльныкъуэр щакъэтэр нэхъыжьхэр зыпlэрыс Iэнэрт.

Мыри кьыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынущ. Хьэщlэхэр Iэнащхьитl-щыуэ щысмэ, зыкъомым хабзэ яхуэхьуащ фадэжьжъ зым адрейм хуэгъэхьу.

Уасэлъхым ещхьу, нэчыхьытхэр ихьщlыкlуэ кьагъэфэ, нэхъыжьхьэм гукъыдэж ящlамэ, пшынауэ, хьыджэбз хуашэхэри ягъэджагу. Хьэщlэхэм ящыщ Iыгъуэ хьэщlэжьыпlуэ, абы ехьым я нэхъыжьмэ бысым нэхьыжьмэ хуит закъ-регъэщlу. Апхуэдэжэр Iэмал имыIэу хэгъэрей гуэрым щlеш, кьыщагъэзэжам и деж хьэщlэм «гуп махуэ апщий» зэрыжиlам щхьэкlэ гупмахуэ зфжъэ кьрат. Мыбы щыгъуи зэдауэ ехьокlкlэ, ауэ хабзэщ хьэщlэм зыдащыну. Ар езыр ефэми, и гъуэсэ щlэзыщам иритми ягъэ кlыинукъым. Атlэми хьэщlэр щlэзыщам нэхърэ нэхъыжьмэ, псальэмакъ лъэпкъ щыщыlэн щыlэкъым.

Гупым дапщэ кьаэхэмыхьами, дапщэ щlэкlыу зэгъэуэу кьаэмыгъэзэжами, зы гупмахуэжькъэ фlэкlа ятыркъым, ар хьэгъуэзlыгъуэ Iэнэу щытмэ. Ауэ зэщ-зэхуефэ нэужькlэ, гупым я нэхъыжьыр зэрыгъэгъуэщи, абыи Iэнэ щхьэхуэ кьыщащтэ.

Уасэлъхым щыгъуи хуэдэу, щхьэр якъутэрэ хьэщlэныщыр яшхамэ, абы лэпс трафыхьыжам, нэчыхьытхми заlэтыж. Мыбы щыгъуэ щхьэгъэрыту щытхэм фэнд хуэзралъхэ, щlалэ цыкlу ягъусамэ, ахэр, зэрыжьыпlащи, яхуапэ е ахъшэ ират. Хьэщlэ ежьэжи эм джэгу хуэзlухэ. Иджыпсту ку эд тетщ зыми щымыщу иужь зэманым кьагупсыса «хабзэм». Хьэщlэхэр кьыщэрыкlуа машинэм ашыкlэ аркъэ ирагъэувэ, ныш псэу ирагъэтlысхьэ, хьэкlыщlагъэ, абы и унафэм куэдрэ теIэзащlыхьу екlуркъым.

Уасэлъхым щыгъуи хуэдэу, щхьэр якъутэрэ хьэщlэныщыр яшхамэ, абы лэпс трафыхьыжам, нэчыхьытхми заlэтыж. Мыбы щыгъуэ щхьэгъэрыту щытхэм фэнд хуэзралъхэ, щlалэ цыкlу ягъусамэ, ахэр, зэрыжьыпlащи, яхуапэ е ахъшэ ират. Хьэщlэ ежьэжи эм джэгу хуэзlухэ. Иджыпсту ку эд тетщ зыми щымыщу иужь зэманым кьагупсыса «хабзэм». Хьэщlэхэр кьыщэрыкlуа машинэм ашыкlэ аркъэ ирагъэувэ, ныш псэу ирагъэтlысхьэ, хьэкlыщlагъэ, абы и унафэм кьуэдзlэта ерыскъым щыщ ираlалъхэ.

Ежьэжхэр зэщсыжьыбжьэ ирагъафэ. Пэжщ, хьэщlэ ежьэжым кlэлъыкlуатэу, ар щагъэщэсыжкlэ махъсымэ фалъэ Iэщlагъэувэрэ зэ ягъэхуэхъуэжу щытащ адыгъэхэм. Ауэ ар хьэгъуэлlыгъуэ, нэчыхьытх хабзэм кьыщlэкlуар кьащlэгъуафlэкъым.

МАФlЭДЗ Сэрэбий.
1994 гъэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Псалъэжьхэр

Лы и къуэгъурэ вы и гъуррэ

● Иримыкъу мэкъуауэ макlуэ.
●Лэжьакlуафl и фlанэ къуэтэрэ?
● Лэжьэным хэзагъэр щlэныгъэми хогъуазэ.
● Лы и къуэгъурэ вы и гъуррэ.
●Матэ щыкlэ имыщlэу мэбжьахъуэ.
●Мэкъу Iэтэр Iэмбатэ щхьэкlэ игъэфижащ.
●Мыбзэф и лэнистэ мэбзаекlуэкlыу: 7. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал сагъэтым и лауреат, Москва щыпсэуа адыгэ цыхубз усакlэ щlэрыщlу. 8. Щхьэнтэм ут есым - тхъэрыкъуэт, зыбукъ уэдиимэ, асльэнт, асльэным и сокур и щхьэцт..» псальэхэр зыхэт адыгэ уэрэджыкъ. 9. Махуэщlэ. 12. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыlэ куэн. 13. Пальэхъэ яхужьхуным я псэукlэр зрагъэщlыну ящl плъакlуэ. 14. Хьымыщ и кьуэ нарт лlыхъужь. 15. Чыбжэгъуэ е пхъэбгъу зэlулlам кьыхэщlыкlа гъавалъэ. 17. Унагъуэ Iэщ пlащэ. 20. Мусдыкъым кьалэнхэм ящыщ зы. 21. Напlэзэпlэ. 22. Гъуазджэм и Iэзхущlапlэу цыхуу зэхуэсыпlэ ин. 23. Щlэныгъэ псальэр нэгъэщlу кьызэрапсэ ныр. 24. Унафэщl, Iэтащхьэ. 26. Куэзыр нэхьыщхьэ. 29. Пасэм кьыйа адыгэ кьафэ псынщlэ. 34. Ху хьэжьигъэм кьыхащlыкlыу щыта адыгэ шхыныгъуэ. Ар Хьуэжэ фlэкlуэду кьыгъуэтыжауэ щытауи жаlэ. 35. Гъавэр щахьэжкlэ хьэдзэм кьытекl фамплэ пхъашэу хьэжьигъэм кьыхауху эщщlыкlыр. 36. Мусльымэн диным Iэмыр ищl, фlэжькьбдзl, дуарыс. Нэгъэщlым фы хуэзащlэми цыхуу угъурльыми абыкlэ йоджж. 37. Нало Заур сабийхэм яхуигъэпса тхьлъ. 38. Тэн, Псыжь, Тэрч и Iэхэлъаэхэм щыпсэу урысхэр зэрызэджэж псальэ.

Кьехьу: 1. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхъ зиlэ и артист, уэрэджыкlакlуэ цlэрыIуэу щыта. 2. Адыгэ цыхубз уэрэд. 3. Дунейм фы умыщlэу, мыхъу мыщlэу утетамэ, абы упыкlащ. 4. Хьэпшып, ерыскъы хуэдэхэр щащэкъыщащэху щыпlэ, 5. Iутlыж Борис и пьесэ. 6. Уафэ джабэр нэ хутхьэху кьыщыхъ у, нэху щыгъуэ. 10. Бгъавэу, бгъажьэу пшынэ фы хадэхэкlин. Зи щхьэр фlыуэ мылажьэхэр абы щрагъэщхьи кьохьу. 11. Псы кьызыщэж кьуэ, бгы зэхуаку псыхъуэ. 16. Адыгэ уэрэдыжь. 17. Зы мэжджыгым кьепхауэ, хьэблэ зыбжанэ хьууэ кьуажэм щыщ Iыхьэ. 18. Совет Союзым и Лlыхъжь адыгэ танкзехуэ хахуэ. 19. Чэсыргей щэкlэ лъэпкъ. 25. Нартхэ я ху жьлэр зыдыгъуауэ щыта бзаджащlэ. 27. Тепlэнщlэльыным щыщ хьэпшып. 28. Дзэлыкъуэ куейм щыlэ кьуажэ. 29. Унэхэр, псэуалъэхэр зэрызэрахьэ мывэ хужь гъэсэ. 30. Мелуан бжыгъэ щыпсэу кьалэ инхэм щызекlуэ транспор т лlэужьыгъуэ. 31. Усэ сатырхэр зэриух псалъэхэр я кlэухкlэ зэщlэжьыуэу щытынигъэ. 32. Щы Iэмэпсымэ. 33. Еджапlэ нэхъыщхьэм и факультетым и унафэщl.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.



Дыгъэгъазэм и 5-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жуэпхэр:

Екlуэкlыу: 1. Къэп, 3. Пшапэ. 6. Амман. 9. Инжыдж. 10. Арджэн. 11. Къушхьэхъу. 14. Суд. 17. Щай. 21. Псы. 22. Хьэуан. 23. Щылэ хьар. 24. Гуныхуэ. 27. Кьурэ. 28. Бурш. 30. Дыд. 31. Сэмб. 33. Бел. 35. Мы. 36. Псынщlэ. 37. Хьарпщэр. 38. Гъур. 42. Нау. 43. Надэ. 45 Пкьо. 46. Къугъэ. 48. Шыгу. 49. Хьэрыпl. 51. Хьэрычэт. 53 Благъуэ. 54 Джей. 55. Жэм. 57. Гъубж. 62. Унажэ. 63. Жагъуэлl. 64. Адакъэ. 65. Бжьыхьэ. 66. Блашэ. 67. Мыл.

Кьехьу: 1. Кьанкъуэщ. 2. Псыкъуэй. 4. Щэрхь. 5. Пхьэж. 7. Мащэ. 8. Арэф. 12 Жьмэрэн. 13. Псыхуабэ. 15. Жин. 16. Кьурш. 18 Ат эпыкlэ. 19. Гъэр. 20. Кlыгу. 25. Ер. 26. Кlуэ. 27. Кьурмэн. 28. Бесын. 29 Шхалъэ. 31. Сурэт. 32. Бжьэпэ. 34 Лэрыгъу. 39. Бумэзэн. 40. Акьыгъэ 41. Пшагъуэбэ. 44. Ду. 47. Хьуп. 50. Пыл. 51. Хьэм. 52. Тэхъу. 53. Бэдж. 55. Жэрдэм. 56. Мэскьал. 58. Инышь. 59. Бжьыхь. 60. Заул. 61. Хьэрш.

● Теплъэгъуэ

Товэ Алик ипхъу Алинэ зыкърех.

● Нэщэнэхэр

Фэбжь зытехуар гъущlыщэкlэ къатхъыхьырт

■ Псэуалъэ ящыну кърагъажьэмэ и янэ бжэгъуэ уугъурльыщжыхуаlэ щlыхум храгъатIэрт.

■Фэбжь зытехуар гъущlыщэкlэ къатхъыхьырт, бзаджэнадзэ зэран хуэдэхъункъым жаlэрт.

■Хуэ зышхьм и щхьэцыр кlыхь хъууэ къалытэрт.

■ Хъыджэбз и быдзышэ Iыхьэ щlалэ цыкlу ебгъэфэну фlыкъым.

■Хьэм уеджэуи къыумышlэ, къэкlуами думыхуж жаlэрт.

● Гушыlэ

Гъуджэм иплъэну схужеlэж

Инал бригадиру лажьэрти, ар япэу зэжалlэхэм, нэхь зыхуэгушхуэжэм Пщымахуэ ящlщт. Зы махуэ гуэрым ар Пщымахуэ йольэлу жыгым хущlхъуэ тезыкlэнухэм ядэIэпыкъуну.

- Сэ си закъуэкlэ ар зэфlэгъэкlа хъунукъым, абы лэжьыгъэшхуэ щыгъэхьеин хуейщ.

- Сэщlэ, - Пщымахуэ и псалъэхэм арэзы техъуащ Инал, - уэ иджыпсту кlуэ, сэ дэIэпыкъуэгъу зы-тlу ныпхуэзгъэкlуэнщ.

Ауэ нэгъэщlэ Iэхуэхэр кьыкъуэкlщ, Пщымахуэ кьыщlигъэгъаг Iэщlэгъупщыкlыжри, Пщымахуэ хуэбжьу гугъу ехьауэ унэм екlуэлlэжащ.

Ещанэ махуэм Пщымахуэ лэжьэну кьыдэкlатэкъымкlи, абы зыгуэр хунlуэжащ:

- Жьысымаджэмэ, кьыдэкlи лажьэ, - жиlэри.

- Эрей, икlи сымысымаджэ, икlи сыныдэкlыу сымылэжьэну, - жиlащ Пщымахуэ, - Ди бригадир щыкlуэм делэ къиlыхьхьэщ, гъуджэм иплъэну схужеlэж.

● Фэ фщlэрэ?

Дэшхуэр куэдрэ щылъмэ...

Шыгъу ипкlутынуи утеувэнуи гуэныхьышхуэу кьалытэ.

* * *

Бжьыныхур хьэхъущыкъу улыйм илыу буб хьунукъым, фlыщlэ мэхьу, витамин С-ри мэкlуэд.

* * *

МыIэрысэ-кхъужьхэкlуэ укъэбзахэр псы пщтыркlэ бгъэвэпхьмэ, фlыщlэ хъуркъым.

* * *

Дэшхуэр куэдрэ щылъмэ, и Iэфlыр щlокlI.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Къуажэхьхэр

Хьэлъэ темылъу бом щIэмыхьэ

◆Фыз фlыщlэ нэгъуд, щlым дыд хэзыlу.
◆Хьэ къаритl зэгъуэнэгъущ.
◆Хьэлъэ темылъу бом щlэмыхьэ.
◆ Щlу-щlу нэкъиж, гъуэмбым къижрей.
◆Шыгъущх псыбафэ.
◆ Ямыгъашхэу пшэр хуэа.

Жэуапхэр:

Хьэ Нэ Бжьжьхтх
Дзэпэ Дзэпэ Дзэпэ
Хэщlэн

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

КlэртIоф гъэва

Кlэртlофыр зэхадз, ятхьащl, якъхэбзри аргуэру ятхьэщlыж. Кlэструлым ит псы къэкъуалъэм хатхьхэ, шыгъу тlэкlу хадзэри и щхьэр тепlауэ мафlэ щабэм тету ягъавэ дакъикъэ 30-32-рэ хуэдизкlэ. Мэ дахэ иIэн икlи нэхъ Iэфl хъун щхьэкlэ вэным дакъикъипщlыщыкlуТl нlэжу абы бжьныкъу хьэдзитl-щы халъхьэ. Ва нэужь, псыр щlагъэжри кlэструлым и щхьэр тепlауэ пэшхьэжым трагъэувэжри, зы дакъикъэ хуэдизкlэ трагъэтщl. Щlагъэщхьа нужь кlэртlофыр тепщэчым иральхъри зэрыпщlтыру яшх. Шатэ Iув, кхъуей, нашэ гъэфlэIуа дашх. Ягъэвэну щытрагъэувэвкlэ, кlэртlофым псы куэд щlакlэрэкъым, щlигъанэ къудейуэ щытым хуейуэ аращ. Псы куэдым кlэртlофыр егъэуцlын, и Iэфlыр щlех. Кlэртlофыр щlхьэвыхьа псыр ираф щlыlэ зыыхьхьаэм.

Хагъхьэхэр (щыхуит Iыхьэ): *кlэртlоф укъэбзауэ - г 400, зэрагъэзэну псыуэ - г 450, шыгъуу - г 6, бжьыныхуу укъэбзауэ - г 4.*

Джэш хьэнтхъупс, прунж хэлъу

Джэш лъэсар псы щlыIэм хакlуэтэри, зэлащlэуэрэ зэ къытрагъэкъуалъэ, мафlэр ину блэуэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. Мафlэр нэхъ щабэ ящlри, никъуэвэфl хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. Джэшыр зыхэвыкlа псыр ираклут, шыуаныр яткьэщl, джэшыр ираклутэжри шэ гъэпщта щlакlэ, шыгъу хадзэри зэ къытрагъэкъуалъэ. Абы прунж лъэсар хатхьэри, зэlащlэ, зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыуэр. Итlанэ мафlэр щабэ ящl, шыуаныщхьэр трапlэри, шэр щlимысыкlын щхьэкlэ зэзэмызэ зэlащlэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хауэдэ, шыуаныщхьэр трапlэри дакъикьитхуэхьу щlащхьэ Iэфl къыщlыхьэн щхьэкlэ, шатэ текlауэ пщтыру Iэнэм трагъэувэ. Щlакхъуэ, чыржын, лэкъум дашх.

Хатхьэхэр (зы цыху Iыхьэ): джэш гъуэжьу - г 50, прунж - г 50, япэу зэрагъавэ псыуэ - г 1500, шэ щlэмыхуу - г 400, шатэу - г 40, шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз. Бжьын гъэлыбжьам: тхъууэ - г 50, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылым къытхьжащ.

НапэкlэуцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩlэМЫЩlI И эзщ.

Псалъэзэблэдз

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФlЫЦlЭ Мухьэмэд

РЕДАКlЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Жьэкlмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Гъущlо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжьыкъарэ Алик.

ДИ ХЭЩlАПlЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цlэкlэ щыlэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМ ЗХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхугъэкlэ - 42-22-86; къуажэ Iащlэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щlэхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхугъаlапlэхэм я дэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщlэта Iуэхутъхэхэм я пжагъымкlэ ахэр зытхахэм пэу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэшыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынар и щlэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щрикlэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щlэту ягъащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокlI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цlэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цlэкlэ щыlэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэмкlэ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Жылаеэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,4-рэ нап.)*, Пкьатlыкl Юрэ *(1,2-рэ нап.)*, корректорхэм я дзIэныкъуэныгъэ Иуан Заирэ. *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ:* Дол Маринэ, Гъукlэлl Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщlэ* Бицу Жанн.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Гираж: 10.125 ● Заказ №3990